



# BIWO MAJISTRA POU LOJMAN EKITAB AK ABSANS PATIPRI



VIL BOSTON

N AP LOUVRI PÒT SOU EKITAB AK OPÒTINITE

# *Entwo- diksyon*

# *Majistra*



A:

*The Office of Fair Housing and Equity* (Biwo Lojman Ekitab ak Absans Patipri) responsab pou asire tout moun jwenn aksè nan lojman ak lòt opòtinite yon fason ki ekitab ak san patipri. Nou fè anpil jefò pou ogmante ekite epi redwi obstak pou tout moun ki travay epi ki abite nan Vil Boston kapab jwenn opòtinite grasa edikasyon, kolaborasyon, politik ak mizanplas. Boston se kote nou chwazi pou etabli nou lakay nou epi nou vle li kontinye ye yon kokennchenn kote pou abite, travay ak pou leve timoun. Nan Boston, divèsite se youn nan pi gwo fòs nou genyen epi n ap kontinye travay pou ofri tout abitan Boston ekite ak opòtinite nan lojman.

—Martin J. Walsh

## KOMISYON NOU YO

### BOSTON FAIR HOUSING COMMISSION (KOMISYON LOJMAN EKITAB BOSTON)

*The Boston Fair Housing Commission* (Komisyon Lojman Ekitab Boston—BFHC) te kreye nan lane 1982, epi dekrè konsantman 1991 an ant vil Boston, Sikisal Asosasyon Nasyonal pou Pwomosyon Moun de Koulè (NAACP), ak Depatman Etazini pou Lojman ak Devlopman Iben (HUD) te vin ranfose li. Yon petitisyon ‘home rule’ an 1994 te ogmante pouvwa BFHC genyen pou anekte osijè diskriminasyon nan lojman te ogmante grasa; epi nan lane 1999, HUD te aksepte manda nan Fair Housing Assistance Program (Pwogram Asistans Lojman Ekitab – FHAP), ki te pèmèt BFHC a Mennen ankèt alaplas FHAP a. Misyon BFHC se mete fen nan diskriminasyon epi ogmante aksè nan lojman nan Boston grasa pwogram *Investigation and Enforcement* (Ankèt ak Mizanplas), pwogram *Affirmative Marketing* (Maketing Pwo-ak-tif) ak sèvis listing lojman (Metrolist). BFHC konnen Mennen detanzantan yon *Analysis of Impediments to housing/Assessment of Fair Housing* (Analiz kon-sènan Obstak nan lojman/Evalyasyon Lojman Ekitab), epi apre sa li etabli *Fair Housing Action plans* (Plan

daksyon pou Lojman Ekitab). Komisyon an ofri tou fòmasyon pou lojman ekitab nan tout Vil Boston an. Nou fè anpil jefò pou asire nou tout rezidan Vil Boston kapab gen Chwa nan Lojman Ekitab. Chwa nan Lojman Ekitab vle di moun ak fanmi gen enfòmasyon, opsyon ak pwoteksyon pou abite nenpòt ki kote yo vle san yo pa sibi diskriminasyon ilegal oswa lòt obstak ki gen pou wè ak kalite kategori ki pwoteje yo.

### HUMAN RIGHTS COMMISSION (KOMISYON DWA DE LÒM)

Komisyon Dwa de Lòm ofri oryantasyon pou politik ki pwomouvwa jistics sosyal ak ekite. Komisyon an anekte ep siveye si vandè nan vil la respekte règleman yo konfòmeman ak Òdonans CORI Vil Boston an. Epi tou, Komisyon an bay vandè yo asistans teknik pou adopte Pratik anbochaj ak pwosedi CORI ki konsistan ak Pratik ak pwosedi Vil Boston an.

## KISA METROLIST YE?

Metrolist se yon pwogram yo te kreye pou devlope kantite lojman chak moun kapab chwazi. Metrolist aji tankou yon bank done epi li pataje enfòmasyon ak resous li resevwa epi rasnable nan men divès ajans, pwopriyetè imobilye ak envestisè imobilye.

## METROLIST OGMANTE CHWA POU LOJMAN POUTÈT LI BAY:

- Aksè nan baz done lojman reyjonal, pou fè koresponn sa moun bezwen kòm lojman ak lojman ki disponib yo.
- Lis apatman ki entèdi epi ki bon mache yo.
- Anons pwopriyete rezidansyèl ki gen lis datant ki aksepte lòt moun.
- Lis lokasyon nan men Boston Housing Authority (Ajans Lojman Boston BHA), Metropolitan Boston Housing Partnership (Patenarya Lojman Reyjonal Metropolitèn Boston MBHP), ansanm ak nan men pwopriyetè ak manadjè lojman prive.
- Enfòmasyon konsènan tiraj osò (bòlèt) lojman yo pral òganize byento.
- Nouvèl konsènan opòtinite pou achte lojman ki bon mache.
- Avi konsènan pwogram edikasyon pou moun ki achte kay ak asistans.
- Enfòmasyon debaz osijè elijibilite ansanm ak lòt resous.
- List abri ak kay ki ofri yon lojman tanporè.
- Referans opre ajans lojman ak sèvis imen.

## KI DEMACH KI NESESÈ POU JWENN AKSÈ NAN METROLIST?

- Se pou omwen yon moun nan kay la reide nan Boston<sup>1</sup>.
- Ranpli fòm enskripsyon an.
- Endike dimansyon inite a ou ta pito ansanm ak tout bagay ou bewen nan lojman an
- Pwouve enfòmasyon sou revni ou ansanm ak kantite moun ki rete nan menm kay avèk ou.
- Bay enfòmasyon demografik debaz.

Fòm enskripsyon yo disponib sou Entènèt, nan telefòn oswa an pèsòn nan biwo Metrolist la depi lendi jiska vandredi, depi 9è a.m. jiska 4è p.m.

Metrolist mande enfòmasyon pèsònèl demografik ak bezwen fanmi an. Pami enfòmasyon li bezwen yo gen ladann: revni fanmi a pou ane a; si fanmi touche yonsibvansyon pou lojman owa si li ta bewen youn; ansanm ak kantite chanm li bezwen. Anjeneral, ou kapab ranpli fòm la an mwens ke senk minit. Metrolist pa pataje enfòmasyon sa yo ak lòt moun san konsantman.

# METROLIST

## KIMOUN KI BAY METROLIST AVI KONSÈNAN OPÒTINITE POU LOJMAN?

- Pwopriyetè ak manadjè lojman ki resevwa asistans federal oswa Eta a nan zòn estatistik rejyon metwopolitèn Boston lan.
- Pwopriyetè ak manadjè lojman ki resevwa asistans finansye oswa lòt kalite asistans nan men Vil Boston.
- Pwopriyetè ak manadjè inite bon mache Boston Redevelopment Authority (Ajans Redvelopman Boston) entèdi.
- Pwopriyetè ak manadjè lojman prive, lè yo vle.

## KIJAN MWEN KAPAB JWENN AKSÈ NAN METROLIST?

An pèsòn: Lendi jiska vandredi, 9è a.m.– 4 p.m.

Nan telefòn: Lendi jiska vandredi, 9è a.m.– 4 p.m.

Oswa ranpli epi voye fòm enskripsyon yo sou wèbsayt nou an:

<http://www.boston.gov/fairhousing/fairhousing/metrolist.asp>

*<sup>1</sup>Metrolist se pou rezidan Vil Boston ak moun ki sanzabri, ki nan abri oswa nan lojman tranzisyonèl. Yon rezidan nan Boston defini tankou yon moun ki, nan moman aplikasyon an pou yon inite lojman ki bon mache, se yon moun ki gen tout paye legal li epi ki rezide antanplen nan Vil Boston. Yo rekonèt you kòm rezidan, ansyen rezidan Boston ki kapab pwouwe yo te gen tout papye legal epi ki t ap abite atanplen nan vil la nan dat rye janvye 1999 oplita. Ansyen rezidan ki kapab pwouwe ak dokiman yo te mete yo deyò nan yon apatman andedan vil la poutèt kontwol nivo lwave a te fini an 1995-6 konsidere tou tankou rezidan Boston; epi yo konsidere moun ki anplwaye andedan Vil Boston tankou rezidan Boston.*

**OFFICE OF  
FAIR HOUSING  
AND EQUITY**

Boston City Hall  
One City Hall Square  
Room 966  
Boston, MA 02201

617-635-2500  
TTY: 617-635-2541  
[www.boston.gov/fairhousing](http://www.boston.gov/fairhousing)

# CITY OF BOSTON CORI ORDINANCE

## KISA YON CORI YE?

CORI vle di Enfòmasyon Dosye Delenkan (Criminal Offender Information). Rapò CORI yo gendwa pran divès fòm ak varyasyon. Sepandan, lè yon anplwayè mande yon CORI konsènan anplwaye potansyèl oswa aktyèl, l ap gen ladann istwa kondanasyon an ak dosye lajistis preante kont li koulye an kote yo te arete li epi tribinal la poko pran desyon.

## KISA ÒDONANS CORI VIL BOSTON YE (CBC 4-7)?

Yo te pase òdonans CORI Vil Boston (CBC 4-7) nan lane 2005 pou bay moun ki gen kaye jidisyè bonjan opòtinite pou jwenn djòb nan men Kontraktyèl Vil Boston yo. Òdonans la deklare kontaktyèl ki pase kontra ak Vil Boston dwe gen pratik anbochaj CORI ki konsistan ak pratik anbochaj vil Boston. Pa eganp, Vil Boston egije yon CORI sèlman pou poisyon li panse ki "sansib," ki gen ladann men ki pa limite ak poisyon kote anplwaye a travay ak timoun, gramoun oswa ak popilasyon moun ki andikape.

## KI POLITIK KI GENYEN ANBA ÒDINANS CORI VIL BOSTON?

- Verifikasiyon CORI dwe fèt sèlman pou poisyon ki sansib. Verifikasiyon CORI ta dwe fèt sèlman apre yo chwazi yon moun ki sanble li kalifye apre yon entèvyou oswa grasa lòt pwosede.
- Si rezulta CORI yo enkyetan, se pou yon bay candida a yon kopi epi pou diskite de sa avèk li; epi se pou kandida a resevwa opòtinite pou prezante enfòmasyon konsènan si rapò a vre epi pètinan anvan pou yo pran yon desyon final pou anboche li oswa pou pa anboche li.
- Office of Fair Housing and Equity (Biwo Lojman Ekitab) responsab pou ankete tout plent lè kontraktyèl yo pa konfòme yo epi pou ofri rekòmandasyon bay ajans apwopriye a sou fason pou reoud pwoblèm yo detekte.

## BAY EGANP VYOLASYON RÈGLEMANTASYON SELON ÒDONANS CORI VIL BOSTON LAN?

- Aplikasyon kontraktyèl pou djòb make ladann, "Èske ou te janm kondane pou yon zak?"
- Kontraktyèl la mande ou ranpli yon verifikasiyon antedesdan CORI anvan yon entèvyou, si te gen yon entèvyou nan pwosesis anbochaj la.
- Kontaktyèl la te poze ou kesyon konsènan kazyé jidisyè ou pandan entèvyou a.
- Kontraktyèl la te mande ou ranpli yon verifikasiyon antedesdan CORI konplè pou yon pozisyon kip a sansib.
- Kontraktyèl la te refize konsidere ou pou yon djòb akòz CORI ou an epi li p at ba w chans pou esplike CORI ou a.

## KI KOTE MWEN KAPAB JWENN AKSÈ NAN LIS KONTRAKTYÈL VIL BOSTON AN?

Al gade nan [www.boston.gov/fairhousing/cori.asp](http://www.boston.gov/fairhousing/cori.asp) pou jwenn aksè nan lis anplwayè ki itilize CORI byen nan Vil Boston ansanm ak resous pou preyokipasyon ki gen pou wè ak CORI. Moun k ap chèche travay dwe kontakte kontraktyèl endivididyèlman pou chèche konnen si gen pozisyon ki louvri. Vil Boston pa garanti opòtinite travay yo disponib koulye a.

# CITY OF BOSTON CORI ORDINANCE

## KISA MWEN KAPAB FÈ SI YON KONTAKTYÈL PA RESPEKTE ÒDONANS CORI A?

Si ou panse yon kontraktyèl pa t respekte Òdonans CORI a, tanpri kontakte Office of Fair Housing and Equity (Biwo Lojman Ekitab) nan wèbsayt ki make anlè a oswa rele nan 617-635-2500, oswa la gade nan [fairhousing@boston.gov](mailto:fairhousing@boston.gov).

## KI KOTE MWEN KAPAB JWENN ASISTANS AK PWOBLÈM MWEN GENYEN AK CORI POU KONTRAKTYÈL I PA PASE KONTRA AK VIL BOSTON?

### Boston Workers Alliance

Boston Workers Alliance (Alyans Travayè Boston) se yon òganiasyon kominotè ki fè kanpay depi 2005 pou retire obstak nan anbochaj pou manm ki gen yon kazyé jidisyè. [www.bostonworkersalliance.org](http://www.bostonworkersalliance.org) | 617-606-3580

### Fair Employment Project

Fair Employment Project ( Pwojè pou Anbochaj ki San Patipri) bay moun ki gen pwoblèm ak lajistik asistans sou lye travay.

[www.fairemploymentproject.org](http://www.fairemploymentproject.org) | 617-390-2593

### Greater Boston Legal Services

Grasa klinik souplas nan Tribunal Distri Roxbury ak Dorchester,

Greater Boston Legal Services (Sèvis Jiridik Rejyon Metropolitèn Boston) ofri konsèy, asistans ak repreantasyon pou moun kapab prezante petisyon pou yo reyisi fèmen dosye CORI yo.

[www.gbls.org](http://www.gbls.org) | 617-371-1234

### SPAN, INC

SPAN, INC bay moun ki gen kazyé jidisyè asistans ak resous.

[www.spaninc.org](http://www.spaninc.org) | 617-482-2717

### STRIVE Boston

STRIVE bay moun ki gen kazyé jidisyè asistans pou anplwa.

[www.bostonstrive.org](http://www.bostonstrive.org) | 617-825-1800

**OFFICE OF  
FAIR HOUSING  
AND EQUITY**

Boston City Hall  
One City Hall Square  
Room 966  
Boston, MA 02201

617-635-2500  
TTY: 617-635-2541  
[www.boston.gov/fairhousing](http://www.boston.gov/fairhousing)

# AFFIRMATIVE FAIR MARKETING PROGRAM

Affirmative Fair Housing Marketing Program (Pwogram Maketing Pwo-Aktif Lojman Ekitab) Vil Boston an te kreye nan lane 1986 pou etabli estanda pou kontak ak piblik la, publisite, evalyasyon candida ak seleksyon lokatè/achtè. Yo te elaji Affirmative Fair Housing Marketing Program (Pwogram Maketing Pwo-Aktif Lojman Ekitab) la nan lane 1991 pou amelyore pwosedi maketing estanda yo epi pou mete anplas yon kanpay pwo-aktif pou ogmante kantite rezidan Boston ki jwenn aksè nan lojman.

## KISA THE AFFIRMATIVE MARKETING PROGRAM (PWOGGRAM MAKETING PWO-AKTIF) LA YE?

Affirmative Fair Housing Marketing Program (Pwogram Maketing Pwo-Aktif Lojman Ekitab) kreye pou pwomouvwa libèrté pou chwazi lojman ki ekitab, elimine karakteristik istorik de segregasyon epi pwomouvwa kominote ki entegre tout moun. Entansyon pwogram la se pou ankouraje menaj yo ki gen mwens tandans aplike pou lojman poutèt anplasman, pou yo plis okouran de lojman ki disponib epi pou ede yo jwenn opòtinite nan lojman. Grasa revizyon ak siveyans Affirmative Fair Housing Marketing Plans (Plan Maketing Pwo-Aktif pou Lojman Ekitab) yo epi lè yo bay asistans teknik, Affirmative Fair Housing Marketing Program (Plan Maketing Pwo-Aktif pou Lojman Ekitab) ede devlopè lojman imobilye yo respekte obligasyon yo pou yo amelyore lojman ekitab pwo-aktivman – ansanm, fè pwomosyon pou ogmante chwa tout moun genyen pou jwenn lojman ekitab.

## KIMOUN KI FÈT POU RESPEKTE AFFIRMATIVE MARKETING PROGRAM (PWOGGRAM MAKETING PWO-AKTIF) LA?

Se pou tout devlopè senk inite oswa plis ki benefisyé asistans gouvènman oswa asistans finansye nan men Depatman Developman Katye (Department of Neighborhood Development DND), Boston Redevelopment Authority (Ajans Redvelopman Boston BRA), Commonwealth of Massachusetts (ikonpri DHCD), oswa gouvènman federal (HUD) la oblige fè Affirmative Fair Housing Marketing (Maketing Pwo-aktif Lojman Ekitab).

Tout inite bon mache ki règlemente selon Inclusionary Development Program (Pwogram Developman Enklizif IDP) vil Boston dwe respekte egzijans Affirmative Marketing (Maketing Pwo-aktif) yo.

# AFFIRMATIVE FAIR MARKETING PROGRAM

## KI ELEMAN KI GENYEN NAN AFFIRMATIVE FAIR HOUSING MARKETING PLAN (PLAN MAKETING PWO-AKTIF LOJMAN EKITAB)?

De (2) eleman esansyèl ki genyen nan Plan Maketing Pwo-Aktif Lojman Ekitab (Affirmative Fair Housing Marketing Plan Plan AFHM) se maketing ak pwosesis enfòmasyon dirèk la ansanm ak pwosesis seleksyon lokatè/achtè a.

Aktivite maketing, piblisite ak enfòmasyon kominote a dwe gen ladann jefò pou konsantize publik la anjeneral ansanm ak moun ki gen mwens chans pou yo aplike. Se pou Plan AFHM a dwe gen ladann piblisite nan yon seleksyon jounal kominotè ki divèsiye ak kanpay enfòmasyon opre ajans lojman ak sèvis nan tout Boston; ofri enfòmasyon konsènan revni ansanm ak lòt kondisyon elijibilite ak preferans; epi declare klèman dat, lè ak dat limit pou kandida potansyèl yo pou yo kapab vin okouran epi pou yo aplike pou lojman ki disponib la.

Konsènan seleksyon lokatè/achtè a, se pou Plan AFHM a liste tout demach pwosesis aplikasyon an, evalyasyon elijibilite ak pwosedi seleksyon yo ki gen pou wè ak règ lokatè yo dwe respekte—ikonpri rejè ak apèl ansanm ak jesyon lis datant. Plan AFHM an gendwa gen ladann politik ak Pratik, tankou ofri aranjman rezonab ak tradiksyon nan lòt lang.

Affirmative Marketing Program (Pwogram Maketing Pwo-Aktif) la siveye chak etap nan kanpay maketing ak nan pwosesis seleksyon an pou asire yo respekte pwogram la.

**OFFICE OF  
FAIR HOUSING  
AND EQUITY**

Boston City Hall  
One City Hall Square  
Room 966  
Boston, MA 02201

617-635-2500  
TTY: 617-635-2541  
[www.boston.gov/fairhousing](http://www.boston.gov/fairhousing)

# INVESTIGATIONS & ENFORCEMENT

Nan Vil Boston, li ilegal pou fè diskriminasyon nan vant, lokasyon, finansman oswa pou lòt sèvis ki gen pou wè ak lojman poutè ras, koulè, reliyon, orijin nasyonal, sèks, andikap, sityasyon civil, sityasyon militè, laj, oryantasyon seksyèl, sous revni, idantite seksyèl ak ekspresyon idantite sa a, oswa poutè ansèt yon moun.

*Nan Boston, men sèl egzanpsyon de sèten lejislasyon federal, Eta ak local Lojman Ekitab:*

- Kay pou de (2) oswa kat (4) fanmi.
- Pwopriyete ki gen twa (3) apatman oswa mwens, epi gen yon granmoun oswa yon moun andikape ki rete nan youn nan yo epi kote rpeans timoun ta reprezante yon nwizans.

Tout founisè lojman pa gen dwa fè deklarasyon diskriminatwa ni fè entimidasyon.

## KISA PWOESIS ANKÈT LA YE?

*Investigations and Enforcement division (Divizyon Ankèt ak Mizanplas) Boston Fair Housing Commission (Komisyón Lojman Ekitab Boston) lan anketé epi mete anplas lejislasyon ekitab pou lojman nan Vil Boston.*

Anketè yo analize enfòmasyon li kolekte nan entèvyou ak dosye pou deside si gen ase prèv pou panse moun lan te victim diskrijminasyon nan lojman tout bon vre. Pandan tout ankèt la, Boston Fair Housing Commission (Komisyón Lojman Ekitab Boston) an ofri tout pati yo anpil posibilite pou rezoud pwoblèm la san entèvansyon lajistis.

Lè gen yon plent pou diskriminasyon ki debouche sou yon desizyon ki rele Probable Cause finding (Plent la gen anpil chans pou li jistifye) kote konsilyayson oswa medyasyon pa kapab rezoud, Komisyón an gendwa òganie yon odyans piblik devan yon Komisè Lojman Ekitab. Si Komisè Odyans lan wè founisè lojman an pa t respekte lalwa, Komisè a gendwa ofri domaj, etabli montan amann epi bay lòd pou anpeche lòt diskriminasyon rive pi devan.

Lè Komisè a pa jwenn okenn prèv ki jistifye plant la (pa gen Kòz Pwobab), plentif yo gendwa fè apèl kont desizyon Fair Housing Commission Board (Konsèy Komisyón Lojman Ekitab la).

Fair Housing Commission Board (Konsèy Komisyón Lojman Ekitab la) gen 15 manm ladann Majistra Lavil la nonmen, epi li gen pouvwa ki sanble pouvwa yon jij ta genyen.

# INVESTIGATIONS & ENFORCEMENT

## KISA KI ILEGAL ANBA LEJISLASYON LOJMAN EKITAB LA?

Men kék egzanp:

- Yo di ou pwopriyetè lojman an pa aksepte asistans pou lokasyon tankou koupon Seksyon 8 yo.
- Ou fè yon randevou pou vin vizite yon kay oswa yon inite ki an vant men lè ou rive, yo di ou pwopriyete a déjà vann. Apre sa, ou wè pwopriyete a sou mache a toujou.
- Yo di ou yo te lwe yon apatman men apre sa ou wè yo te mete li soul is la ankò.
- Ou gen yon andikap epi yo pa vle aksepte demann ou pou yo fè aranjman ki rezonab.
- Ou gen yon andikap epi yo refie ba ou yon apatman poutèt ou bewen yon bèt domestik sèvis (tankou yon chen pou ede ou deplase, si ou malvwayan) oswa pou sipò emosyonèl.
- Yo pa vle ba ou lojman poutèt ou ansent, ou gen youn oswa plizyè timoun.
- Yo di ou yo pa kapab lwe fanmi ak timoun yon lojman poutèt gen penti avèk plon nan inite a.
- Yo di ou yon pri oswa yon lwaye ki pi wo pase se ki te make nan piblisite a oswa pase sa yo bay lòt moun.
- Yo dirije ou oswa yo pa kite ou antre nan sèten katye poutèt ras, orijin nasyonal, reliyion oswa andikap ou.
- Yo ba ou kondisyon lokasyon oswa vant ki diferan ak sa yo te bay lòt moun, tankou yo mande ou peye montan chaj ki diferan.

*Si ou gen kesyon konsènan Ankèt ak Mianplas oswa si ou panse ou te viktim diskriminasyon pou lojman nan Boston, tanpri kontakte:*

An pèsòn: Lendi jiska vandredi, 9è a.m.– 5 p.m.

Nan telefòn: Lendi jiska vandredi, 9è a.m.– 5 p.m. (617) 635-2500 TTY  
(Malantandan): (617) 635-2541

Oswa ranpli epi voye fòm enskripsyon yo sou wèbsayt nou an:  
<http://www.boston.gov/fairhousing/>

**OFFICE OF  
FAIR HOUSING  
AND EQUITY**

Boston City Hall  
One City Hall Square  
Room 966  
Boston, MA 02201

617-635-2500  
TTY: 617-635-2541  
[www.boston.gov/fairhousing](http://www.boston.gov/fairhousing)

**VIL BOSTON  
BIWO MAJISTRA POU LOJMAN EKITAB AK ABSANS PATIPRI**

Martin J. Walsh, *Mayor*

One City Hall Square  
Room 966  
Boston, MA 02201

[www.boston.gov/fairhousing](http://www.boston.gov/fairhousing)  
[fairhousing@boston.gov](mailto:fairhousing@boston.gov)  
617-635-2500  
617-635-3290 (fax)

